


# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## ХЬАЬЖИН НЕНАН ХЕДИН ЗЕРАТ

Хеда – Кунта-Хьаьжин (Хьаьжин) нана йу. Тайпана чарто хилла.

Дадагов ХІибин йоІ. Кишин, Хедин боккха доьзал хилла. Виъ кІант (Мовсар, Кунта, Висха, Муцу), ши йоІ (Мата, Хапта).

Веданан кІоштарчу Эртанахь, лакхахь, лома тІехь ду иза. Хаза меттиг йу.

ЧІогІа лоруш ду Хьаьжин ненан Хедин зерат. Уггаре а лоруш меттиг йу иза Хьаьжин цІарца долчу кхечу хІуманал. Цигахь дукха нах хуьлу. Нохчийчуьра, ГІалгІайчуьра, Дагестанера.

Зерате богІу дерриге а вирдашкара нах. Къадарин а, накъшбандин а. Муридаша зуькарш до. Деле доьхуш, доІанаш до.

Хьаьжас шен нанна билгалйина хилла и меттиг. Цигахь хир ду хьан каш, аьлла. Хедас аьлла, деллахь ма гена меттиг йу-кх хІара.

Ма йуьстах йу-кха хІара. Цхьа а адам доцуш меттиг йу-кх хІара.

Кхуза хІунда йуьллу ахь ша?

ВаллахІ Делора, кхуза догІуш долу адам хьаьдда зама йогІур ма йац цкъа а.

Массо а мехкашкара бусалба нах хедар ма бац кхуза оьхучуьра. Хьо ша йолуш цхьа а минот хир йац хьуна, аьлла.

Хьажас ма-аллара, даима адам ду цигахь. Уггаре а лараме меттиг йу и вайн махкахь.

Хеда дІакхелхина бусалба рузманца І276-чу шарахь. Зерат дина Маккарчу Жамалуллайлин кІентан Сайд-Селиман кІанта Сайд-Іальвис. Вайн пайхамаран тІаьхьенах ву иза.

## ШАЙХ БЕЛХОРОЕВ БАТІАЛ-ХЬАЬЖА

Белхороев БатІал-Хьажа дуьненчу ваьлла 1824-чу шарахь.

ГІалгІачун Андарбекан доьзалехь. Соьлжан кІоштан Самйох, олучу меттехь. Шайх Кунта-Хьаьжин мурд хилла иза. ХІетахь бусалба дин ГІалгІайн махкахь хилла а дац. Жимачу БатІална шен 8 шо кхаьчча вовзар нисделла эвлайаъ Кишин Мубарик.

Жима волчу хенахь дуккха а хан йаьккхина цуо Иласхан-Йуьрта схьа а вогІуш, Хьаьжина уллехь. И шена алсам вовзаре терра, цунна тІегІерта болу лаам совбуьйлуш хилла цуьнан. Хьаьжин хьехамашка ладоьгІуш, пайдаоьцуш хилла цуо. Цуьнан нанас Райзета тидам беш хилла БатІалан хаарийн. КІентан дега Андарбеке дийцина цуо, БатІал чІогІа хьекъал долуш кхуьуш ву бохуш. Воккха хилча беркате стаг хир ву цунах аьлла тешаш хилла кІентан да-нана.

БатІалан кхиарх тамаша беш хилла гергарчара. Собаре ву, къинхетаме ву, оьшучу меттехь накъост ву, бохуш. Жима волуш дуьйна бусалба дин Іамийна цуо.

Иза тешна хилла бусалба динца бен дахар хирг цахиларх. Шен дерриге а дахар оцу хааршна тІехьажийина ваьхна иза. И некъ цунна схьабиллинарг цуьнан устаз Кишин Хьаьжа вара.

Эвлайаийн новкъахь БатІал-Хьаьжа кхиъна ваьлча, Хьаьжас ГІалгІайн махкахь тобанаш хьеха бакъо йелла цунна. Хьаьжин мурида-ша деш долу зуькар мелла а хийцина БатІал-Хьаьжас.

БатІал-Хьаьжас хьоьхуш хилла: Делах тешаш хиларо адамашна нийса некъ гойту, бохуш. Дуьненахь а, эхартахь а декъал хир ву, бохуш.

Іилма Іамор хІора бусалба стеган декхар ду, олуш хилла цуо.

Іилма Іаморан дуьхьа мел гена махка ваха а мало йан мегар дац, олуш хилла цуо.

БатІал-Хьаьжин хьехамаша Іамадора ден-ненан ларам бан.

Шен да-нана дезаш верг Далла а везар ву, олуш хилла цуо.

ГІийлачуьнга хьажар, сагІийна хІума йалар чІогІа лелош вара иза.

Цомгашчу стаге хьаьжар, цунна тІехІотта вахар чІогІа деза лорура цуо. Цига воьдуш боккхучу хІора коган цІарах йал хир йу, олура. Стаг велча тезета вахар деза лорура цуо.

Ша йоккхачу заманчохь нахана йукъахь дукха маслаІаташ дира БатІал-Хьаьжас. Долийна маслаІат дІадерзийний бен шен чу а вахана паргІат ца волура и.

Бераш дукха дезара цунна. Бераш-ца уьйр-марзо чІогІа йара цуьнан. ОьгІаз вахар, цабезам бохург цкъа а ца хилла цуьнгахь.

Йеха хилла БатІал-Хьаьжин оьмар. Шозза Іедало махкаха ваьккхира иза.

Дуьххьара І892-чу шарахь Калужски губернан Казельск шахьарахь Іийна иза пхеа шарахь.

Цигара цІавирзича Макка, Мединате Хьаьждан вахана иза. Цул тІаьхьа, 90 шо долуш волу шайх БатІал-Хьаьжа йуха а ссылке хьажаво Казельске.

Кхечу эвлайаашца Іавдица, Доккица, Мани-шайхаца, Соип-Моллица, Чиммирза-шайхаца цхьаьна. Цигахь 3 шо даьккхина цуо.

1914-чу шеран октябрь беттан І9-чу дийнахь Казельскехь дІакхелхина БатІал-Хьаьжа. Муридаша цІа а валийна шен йуьртахь дІавоьллина. Цуьнан лахьти тІехь зерат дина. Бусалба динан дезачу деношкахь дуккха а нах хуьлу цигахь.

Дела хьехор алсамдаккха шен муридашна тІе вирдаш дехкина БатІал-Хьаьжас.

*Заурбеков МасІуд*

НАШИ ГЕРОИ

## ИЛЬЯС НИКАЕВ - МЛАДШИЙ ЛЕЙТЕНАНТ МИЛИЦИИ




Ильяс Никаев - младший лейтенант милиции, оперуполномоченный ОБНОН ОВД Заводского района г.Грозного

Ильяс родился в 1974 году в селе Гойты Урус-Мартановского района.

После окончания школы Ильяс поступил в один из техникумов города.

Также Ильяс занимался спортом. О его успехах в спорте говорят его многочисленные благодарственные письма и грамоты.

В 1995 году Ильяс женился на своей односельчанке и в браке стал отцом троих детей. Третий ребенок нашего героя родился лишь спустя полгода после его гибели.

Ильяса вспоминают боевые товарищи. По их словам, он был человеком исключительно порядочным, волевым, справедливым и надежным.

Жизненный путь Ильяса, как и 9 его сослуживцев, закончился в октябре 2002 года в результате подрыва административного здания Отдела внутренних дел Заводского района г. Грозного.

Ильяс своим мужеством при жизни, а затем и героизмом перед лицом смерти вписал свое имя в народную память, став одним из тысячи героических воинов, пожертвовавших собой ради мира и благополучия для чеченского народа.

Дала гІазот къобалдойла цуьнан!

## ІИЛМАНАН ДОЗАЛЛА

Делан Элчано (Делера къинхетам а,маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Дала Ша цхьанна дика дан лиъча,цунна динехь кхетам ло,нийса некъ хьоьху».

*(Абу Бухари,Муслим)*

Иштта Делан салам хиларо аьлла: «Іеламнах пайхамарийн верасаш бу».

*(Абу Давуд,ат-Тирмизи, Ибн МажахІ, Ибн Хьиббан)*

Хууш ма-хиллара, пайхамарийн даржал лекха дарж дац,и верасалла шега кхачарал йоккха сийллала а йац.

Элчано (Делера къинхетам а,маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Іеламстагана гечдар доьхуш ду стигланашкахь а,лаьттахь а мел дерг».

*(Ибн МажахІ)*

Стигланашкахь а,лаьттахь а долчу маликаша шена гечдар доьхуш волчун гІуллакхал лекханиг муьлха ду?!

Иштта, Делан салам хиларо аьлла:»Баккъал а кхетамо сийлахь верг шен сийлаллехь соввоккху,лай паччахьийн тІегІане кхаччалц лакхавоккху.

*(Абу НуІайм ва гІайрухІу бисанадин заІиф)*

Делера салам хиларо хІокху хьадисехь дуьненахь хуьлуш болу Іилманан стоьмаш хьахийна. Хууш ма-хиллара,эхарт дика а,гуттара а лаьттар долуш а ду.

Иштта,цо (Делера къинхетам а,маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Мунепикъехь (шалхонча)хир йоцуш ши билгало йу: дикачу нехан сибат а,динехь болу кхетам а»

*(Ат-Тирмизи)*

ХІокху заманахь цхьаболчу Іеламнаха шалхонаш лелайора алий,кху хьадисах шек ма валалахь. Делан Элчано (Делера къинхетам а,маршо а хуьлда цунна) кхузахь дуьйцуш долу фикъхІа (динан Іилма) хьуна моьттуш дерг дац хьуна. ФикъхІа бохучу дешан маьІна лахахь хьахийна ду хьуна. ФакъхІан (Іеламстаг,шарІ девзарг)уггаре а лахара дарж-эхарт дуьненал дика дуй хаар ду,и хаар даггара а делахь,цуьнца нифакъах а (шалхо),рийах а(моттаргІа)хьалхавер ву иза.

Элчано (Делера къинхетам а,маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Нахах уггаре а сийлахь верг ийманехь волу Іеламстаг ву, (нехан) шегахь хьашто хилча (царна) пайдехь волуш,хьашто ца хилча,(долчуьнца)шен дегІана тоам беш волу»

*(Аль-БайхІакъи бисанадин заІиф)*

Иштта,Делан слам хиларо аьлла: «Ийман Іора (дерзина)ду,цуьнан духар (Делах) кхерар ду,цуьнан къагор (хаздар)эхь-бехк долуш хилар ду,цуьнан стом-Іилма (Делера вовзар) ду»

*(Аль-Хьаким бисанадин заІиф)*

Иштта цо (Делера къинхетам а, Маршо а хуьлда цунна)аьлла: «Нахах пайхамараллин даржана уггаре а гергахь берш-Іеламнах а,МужахІидаш а (Делан новкъахь керста нахана дуьхьал тІом беш верг»бу.

Іеламнахах лаьцна аьлча,уьш,элчанаша деанчунна (Делан динан)новкъа нах хІиттош бу. МужахІидех лаьцна аьлча, уьш элчанаша деанчун дуьхьа шайн тарраш-ца тІом беш бу»

*(Абу НуІайм бисанадин заІиф)*

Делан салам хиларо аьлла: «Тайпа далар дай ма ду Іеламстаг валарал».

*(Ат-ТІабрани,Ибн Іабд-аль-Барр)*

Иштта,цо (Делера къинхетам а,маршо а хуьлда цунна) аьлла:

«Адамаш дешин а,детин а маьІданаш (рудник)санна маьІданаш ду,царах жахІилиййатехь (боданан зама) дика хилларш Исламехь а дика бу,уьш динан Іилманах(шарІах)кхеттехь.

*(Аль-Бухари,Муслим)*

Цо Делера (къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)аьлла:

«Іеламнехан шекъа Къемата-дийнахь (Мийзан терзанна тІехь)шахІидийн цІийца дІанисдийр ду»

*(Ибн Іабд-аль-Барр бисанадин заІиф)*

Иштта, цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)аьлла: «Сан умматана,суннатах (сох дозуш долчух)шовзткъа хьадис (дагахь Іамийна),цаьрга дІакхачадаллалц лардинарг милла велахь а, со цунна Къематан-дийнахь шапаІат дийриг а,теш а хир ву»

(Ибн Іабд-аль Барр бисанадин заІиф)

Иштта,цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Веза –Сийлахь волчу Делан дин Іамош верг Лекха волчу Дала цуьнан сагатдеш мел долчух хьалхавоккху,цунна дагахь доццучуьра рицкъа а ло.

*(Аль-Хатыб бисанадин заІиф)*

Иштта,цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна, аьлла: «Дала, Веза-Сийлахь ву Иза,ИбрахІиме (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаам бина6

ХІай ИбрахІим, Со дерриг хууш ву,дешнарг массо а везаш ву».

*(Ибн Іабд-аль-Барр)*

Иштта, цо (Делера къинехетам а, маршо а хуьлда цунна)аьлла:» Іеламстаг-лаьтта тІехь Делан (цІена ву Иза) векал ву».

*(Ибн Іабд-аль-Барр бинадин заІиф)*

Иштта,цо (Делера къинхетам а,маршо а хуьлда цунна) аьлла«Ши тоба йу сан умматехь,уьш дика белахь,нах дика хир бу,уьш телхина белахь,нах телхина хир бу:уьш паччахьаш а,Іеламнах а бу».

*(Ибн Іабд аль-Барр,Абу-ГуІайм бисанадин заІиф)*

Иштта цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла:

«Со Далла, Веза-Сийлахь ву Иза,герга вуьгуш долчу Іилманехь соввалар шена чохь доцу де суна деача,оцу дийнахь малх схьакхетар суна беркате дац.

Ат-ТІабарани,Абу НуІайм,Ибн Іабд-аль Барр бисанадин заІиф)

*Муртазаев Сайдмохьмад, Іеламстаг*

## МЕЛ ЙОККХА ЧОВ А ЙЕРЗАЙО НАНАС

-Цхьана доьзалан нана кхелхина йа иза йитина, кхин зуда йалийна аьлла хезча, сан дегІе хорша йогІу. Цу мІаьргонехь сунна дагатосу сайца цхьаьна Советски эскарехь Даймехкан декхарш кхочушдеш хиллачу накъостан Эльбрусан дийцар.

Дог ца дуьллуш, цо шен нене сатийсар. Шен хиллачу бераллех, нисделлачу дахарх цо сайга дийцича, бераллехь дуьйна сайна иза вевзаш санна хийтира сунна, -дуьйцу Нойбоьрарчу вахархочо Элипханов Султана.

-ХІинца а иза дагадеача, жимачу берана санна, сан дагчу кхерам тосий хаьий хьуна?- аьлла долийра цо шен Эльбрусах долу дийцар. Цо цуьнга иштта дийцинера:

-Жимачохь дуьйна, кІант вара аьлла доцуш, чІогІа тІера вара со сайн нанна Амантина. Доьзалехь сой, Хьаваний, Зезаггий – кхоъ дара, воккхахверг со а волуш. Цкъа а барт ца хуьлура тхан ден-ненан. Ас иза хала ловра, цхьанна а ца гойтуш, воьлхура.

Цхьана дийнахь школехь ши «пхиъ» даьккхинера ас.

Цунах самукъадаьлла, хІинца сайн «пхеаннаш» Амантина гайтина, цуьнан самукъадоккхур ду ас бохуш, школера чу кхечира со. Дог хьостуш сурт дацара суна гинарг. Ша йиша йоьлхуш йара, нана гуш йацара.

Соьга мохь белира, нана, нана мичахь йу, аьлла. Хиллачух кхетта, со велха воларвелира.

ТІаккха тхан дас Юнуса элира, хьо воккхахверг ву, Эльбрус цІе йолу кІант вилхича, эхь ду, Хьаваний, Зезаггий кхерайо ахь, аьлла. Цу дийнахь дуьйна воккхачун дукъ тІелаца дийзира сан. ВорхІ шо хан йара сан, тхан да-нана дІасакъаьсташ, аьлча а, сан нана дІайохуьйтуш.

И шиъ къаьстинчул тІаьхьа, тхан дас, Аманта йолчу дахар а, иза гар а дихкира тхуна. Тхан ненан децІа, дІахьаьжча, кораш а гуш, уллехь дара. Иза гуттар а хала дара. Генахь йоцийла а хууш, ненан марзонах хьоьгуш хан йаккхарал хала хІума ца хиллера. Нана дІайаханчул тІаьхьа, дедеций, дененаций Іаш дара тхо.

Жимма хан йаьлча, Юнуса зуда йалийра-Зараъ. ТІаккха кІант хилира. Цхьа а къинхетам бацара дестечун тхоьца. Мел деза гІуллакх а дойтура цо соьга. (Зараъ йалийча бен, сан итт шо а ма ца кхечира).

Бежанашка хьажа дезара, сайна тІедиллинарг со дина ваьлча, гІуллакхдечу сайн шина йишина гІо дан дезара. Къахетара суна цу шиннах. Жимжима дешарх хервала дийзира. Сайн нийсархошна йуккъехь суо эшна хетара суна.

Йуххехь нана а йацара, тІейуха бедар а наггахь бен эцар ца нислора. Зараана ца лаьара эрна ахча дохка. Цхьана дийнахь сой, Юнуссий базара ваханера. Цигахь мачаш хазйеллера суна, амма уьш механа йеза йуй а хууш, вист ца хуьлуш, тІехволуш вара со. Хьажа мукъане хьажий со кхаьрга аьлла, цхьа мача схьаэцна, бІаьрг тоьхна, охьайиллира ас иза. ТІаккха Юнуса элира: «Хазахетий хьуна уьш? Схьаэца!». Цунах самукъадаьллачу ас сихонца схьаийцира уьш. Цу дийнахь хилла хазахетар нана дІайахчахьана а хилла дацара. Шина йишина гойтур йу ас бохуш, цІакхечира сой, Юнуссий. Чоьхьаволлушшехь, сайн самукъадалар ца лечкъош, ас мохь туьйхира: «Хьажал, сан хаза мачаш», -аьлла. Цаьрга бІаьрг а ца тухуш, Зараа элира: Эрна ахча дохка меттиг йаьллакх шуьшинна», -аьлла. Дерриге а самукъадалар дайра. Ас дечу гІуллакхийн, цу мачийн мах а бацара техьа аьлла, къайлла а ваьлла, вилхира со. Нана хиллехьара эр дацара цо иза. Шена ца йууш а, ца йухуш а сунна оьцур йара. ТІаккха, тхан дедас Абус олуш дерг дага а тосий, айса сайн синтем бан хІуттура. Дадас олура, «хІара дуьне баланийн цІа ма ду, хІун хир ду кху чохь сингаттам бен», олий. Дерриге а ловра ас, амма Зараа шина йишина тоьхча, иза цу шинна тІечеха йоьлча, ца лалора соьга.

Жимма сайна мукъа хан йеача, дІахьаьжча, гуш долу тхан нана Іаш йолу цІийнан кор лардора ас. Иза гур йацара техьа сайна, олий. Цкъацкъа ойланашка а волий, сохьтехь Іара. Наггахь, иза геннахь гича, цунах а там хуьлура. Иза дуьненчохь хиларо ваха ницкъ лора.

Дуьненах самукъадолучунна сиха а йоьдуш, дагчохь бала, сингаттам болчунна, тІех йахлуш кхойтта шо зама дІайахара. Денна ницкъ алсам бала безачу сан гІора довш дара.

Могашалла а гІелйелира. ТІаьхьхьара а меттахь висира. Со гІелвинарг гІуллакх а дацара, йа хуьлуш йолуш хало а йацара. Нене сатийсаро, цунах къастаро кІелвитинера со.

Цхьана дийнахь дедега ас элира: «Дада, суна цхьа а дарба ца оьшура, кхойтта шо хан кІеззиг хан йац, тхо а даккхий хилла, нана оьшура тхуна. ХІара дуьне тахана, кхана ду ца хаьа, ненан марзо йовзийта алахь тхуна Юнусе. Цу шимма хІинца къийса хІумма а дацара».

Цунах къахеттачу Абун бІаьргех хиш дуьйладелира.

«Ахь оццул хІумма схьакъадийна хилча, ма боккха бала хилла хьоьгахь, Эльбрус. ХІинццалц Іийнехь а, тахана цу гІуллакхан ас йист йоккхур йу. Ненан ховха куьг, чаккхе йоцу къинхетам оьшуш волчу Эльбрусана гІоли хилира.

Делан къинхетам боккха хиларна, доьзал цхьанакхийтира. Хаза чаккхе йогу, туьйранехь санна, дагна хьаам беш, дикачу агІор хийцаделира Эльбрусан дахар.

Ма боккха бу-кх ненан ницкъ!

Шен доьзална даима а дика лор йу-кх иза…

*Сагаева Залина.*

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ВАЙН ИСТОРИ

# САЛАМ-МОЛЛЕХ ДАГАЛЕЦАМАШ



Варандара Салам-молла ДегIастанахь вевзина ца Iаш, кхечу мехкашкахь а вевзаш, гIараваьлла Iеламстаг вара цуьнан заманахь. Аьстамаран Iабдуссалам (бакъйолу цIе иштта йу Салам-моллин) герггарчу хьесапехь дуьненчу ваьлла 1870-чу шарахь. Аьстамаран кIентий хилла: Ахьмадукъа, Ахьмад, Iаб-Хьаьжа, Iабдус-Салам (Салам), цхьа йоI а. Вежаршна йуккъехь доьзалехь жимахверг хилла Салам. Iабдус-Саламан шен кхо зуда а, оцу кхаа зудчо вина кхойтта доьзалхо а хилла. Дас Аьстамара жима волуш Хьалха-МартантIе Хьаькин хьуьжаре дIало шен кIант. Цуьнца дешна чекх а волу Салам. Iилманна, кхетаманна, похIмаллина тIехдика хиларна билгалваьлла хилла Салам мутаIеламашна йуккъехь. Саламан хьехархочун Хьаькин устаз хилла Солса-Хьаьжа. Цхьана дийнахь Солса-Хьаьжас аьлла Хьаьке:

- Варандара охьалелаш волчу оцу Саламна чIогIа реза ма вара со, иза билгалваларца, вайгара вирд, чIагIо эца луур дарий-те цунна? Ма дика накъост хир вара вайна цунах,-аьлла.

Хьаькас аьлла, дика ду Солса-Хьаьжа, ша хоттур ду цуьнга.

ТIаккха Хьаькас олу Саламе:

- Салам, сайн устаза Солса-Хьаьжас сайга хатта аьлларг хатта воллу со хьоьга. Ша устаз а лоцуш, вирд тIе а оьцуш, вайн тобанах схьа а кхетта, вайн вирдан ваша хила реза хир варий-те хьо аьллера соьга Солса-Хьаьжас.

Салама аьллера:

- Хьаька, шух долу эхь-бехк вайн Дала лоьрийла, шуьца долу гIиллакх дохарх вайн Дала ларвойла со. Шайн доьзалехь жимахверг ву со, сайн дега ца хоттуш, цунах дага ца волуш цхьа а хIума дина вац со. ХIинца тIекхочуш мархийн бутт бу, хIокху баттахь цIаваха веза со мукъачу деношна. ЦIавахханчуьра сайн дех дагавер вара со, ахь пурба делча, тIаккха хьуна жоп лур дара ас,-олий.

- ЧIогIа бакъахьа хир ду, нийса ду иштта, хьо ларвийр ву вай, вайгара салам- маршалла а дIало Аьстамаре,-олий, Салам цIа хьажаво хьехархочо.

ТIаккха Салама ша цIа макхеччи, дега дIадалхадо шайн хилла къамел, шега хьехархочо мел дийцинарг. - Дада, хьоьгара царна дахьа жоп деза сунна, бутт дIабаьлча йухавоьдуш. Ас хIун дича бакъахьа хетара хьуна,-олий,-шен дех дагаволу Салам.

Аьстамара олу шен кIанте:

- Делера салам-маршалла хуьлда цунна а! Хаза гIиллакх ду цара лаьцнарг, кIант. Хьажал хьайна кIант, со хIинца воккхастаг ву, хьо сан жимахволу доьзалхо ву. Амма,со хьуна хьалха тахана жехIил стаг ву, Iилма дац соьгахь. Бакъду, цхьана хIуманна хьоьга само йайта лаьа шена. ХIокху вайн варандоша хьо хьовзор ву хьуна, хьалхашхула, тIаьхьашха хабарш дуьйцуш, шен устаз ахь устаз лацахь, Вайн нах хала нах бу хьуна, нагахь сан устаз ахь устаз лоцур велахь, церан хеттаршна жоьпаш кечделахь, цара йукъа а верзийна, гурано экха санна, лаца хьовзор ву хьо. Аьстамар Иласхан-Йуьртара Кишин воI Хьаьжа устаз волуш хилла ву. Бакъду, Хьаьжин заманахь, и устаз а волуш лелла велахь а, шен устазана улле хийшар а, цунах ирс эцар а ца нисделла Аьстамаран.

Шен дас Аьстамара и къамел шега дича, Салама олу дега:

- Дада, хIинца вайна мархийн бутт дIаболабели. ХIара дIасахьаьжна валале дIабер бу, тIаккха йухаваха везар ву со. Оцу сайн хьехархочунна дала жоп дезар ду суна. Хьан устазаца цхьаьна лелла, и шайн бIаьргашна гуш, цуьнан Iаьнаре хьийзинчу, цунах ирспайда эцна нах болчу вахана, сайна чIагIо гулйан хьожур вара со, ахь пурба делча.

- Дика хир ду, гIуо хьайна,-аьлла новкъа воккху иза дас.

Шен чета нана пIелггал стомма жайна а, къолам а дуьллий, Иласхан-Юьртарчу Хьаьжица цхьаьна леллачу баккхийчу муршидашца цхьаьнакхеташ, царах ирс оьцуш гуо боккху Салама.

Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжин некъ бовза, цуьнан беркат лаха араваьлла волуш Салам Гуьна, Хьаьжин доттагI а, муршид а хиллачу Керим волчу кхочу. Керимах доккха ирс-беркат оьцу Салама. Устазан дахарх, къадарин балхах, чехкачу зуькарх, вирдах, цара шайна тIелаьцна болчу балех, ДегIастанчахь баьржинчу Хьаьжин беркатечу балхах пайдаоьцу Салама Керимера. Керимаца а, цуьнан доьзалца а хоттаделла долу гергарло тахана а схьадогIуш ду церан доьзалийн.

Салам-моллас дакъалоцу Сайд-Iаьлвица Эртанахь Хедин зерат дечу хенахь. Сайд-Iаьлви Жамалайлин кIант хилла. Уьш Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам- маршалла хуьлда цунна!) йоьIан ПетIаматан, девешин Абу-ТIалибан кIентан Iелин доьзалех бу. Жамалайлин весет кхочушдеш ДегIастанчу а веана, нахе хоттуш и меттиг схьа а лехна, гуношкара пурба а даьккхина, устазан муридашца Мубарик-Хьаьжин ненан Хедин коша тIехь зерат дина герггарчу хьесапехь1899-чу шарахь.

Гуьнахь Саламна бевза Хьаьжин йишин Хьаптин доьзалш. Цаьрца а гергарло тасало Саламан. Хьапта Кериман вешехь Везехь хилла. Уьш Кериман вешин доьзалш а бу. Азаллехь хоттаделлачу гергарлонца веана хилла Иласхан-Йуьртара Хьаьжа Гуьна. Шен доттагI волчу Кериме гуношкара пурба а даккхийтина, шайн махкахь ирзу даккхийта а, Iен-ваха меттиг а йехна, иштта хьалавеана хилла. «Шен вежарий болчу веана ву ша гуношна тIе», аьлла Хьаьжас. Дайн гергарло д1атеснарг лай лоруш ву, вайн дайшкахь долу гергарло карладаккхар т1ехь ду вайна аьлла хоттаделла хилла Хьаьжин а, Кериман а гергарло.

ТIаьххьара Салам кхочу МахкатIера Юсуп-Хьаьжа волчу. Шен ойла чIагIйелла, сецна йаьлча, Юсуп-Хьаьже шена вирд а хьоьхуьйтий, цIавоьрзу Салам.

Юсуп-Хьаьжа цу хенахь а воккхастаг хилла. Воккха а, жима а доцуш, гергарло тасало цаьршиннан. Цаьршиннан гергарло чIогIа хиларан тоьшалла ду, цаьршимма вовшашка дина весет: «Вайшиннах хьалха дIакхелхинарг тIаьхьависинчо кошахь лахьти чу вуьллур ву»,-аьлла.

Юсуп-Хьаьжа дIакхелха 1934-чу шарахь. И велла аьлла хаам бохьуш веанчу геланчина Салам-молла цIахь ца караво. Цу хенахь Салам гIараваьлла Iеламстаг хиларе терра маслаIаташка вадийна лелош хуьлу наха. И цIа макхеччи кост дIатохалаш цунах олий, бере дIавоьду. Салам-молла тIекхачаре хьоьжуш, и ларвеш шолгIачу дийнан делкъалтIаьхье хилла. ТIаккха верасаша, вайна арахь йовха хан а йу, кхин хьоьжур дац вай аьлла, кешнашка дIабаха барт хиллачу хенахь, Салам-молла вогIу ларван хIоттийначу жимханна геннара йогIу беречун говр, цуьнан ченан кIур хаало. Цуо сихонца хаам бо, вуно чехка, Iодара кхоьссича санна вогIуш бере ву, иза Салам-молла хила тарло, жимма соцунгIа хилалаш, олий. Цуо ма-бохху, хьацаран чопа а хилла говраца тIекхуьу Салам-молла. Ша говрара охьавуссушехь, цхьана жимхе, -Же-же, говр саца ма сацийталахь, йола йалийталахь,-олий, урх дIа а лой, тезетана тIе воьду. Нагахь и говр сецнехь, эцца охьа а кхетта лийр йолуш хилла, и тIех чехка йарна.

Тезетан доIа ма-диннехь, схьадуьйла, дIадоьлху вай кешнашка олий, оцу сохьта кешнашка дIабоьлху уьш. Юсуп-Хьаьжин весет кхочушдо Салам-моллас.

Салам-моллас шегахь долчу тептара тIе дIайаздо Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжин къамелаш баккхийчу муршидашка хоьттуш. Цхьа къамел масийттанга хоттуш, нагахь хIораммо а цхьатерра дийцахь, хIара меттара ду олий дIайаздеш, нагахь шиннан къамел жимма а галморзах долуш делахь, хIара шеконехь ду, мегар дац, олий, Iаддадуьтуш. Иштта шен жайнин тептар хьаладуьзира Салам-моллас. Амма, и жайна тIепаза дайра, нохчийн халкъ махках доккхучу хенахь.

Цул тIаьхьа мархийн бутт дIа а баьлла, шен дешар тIе хьуьжаре МартантIе охьавоьду Салам.

Хьаькас хотту: - Iабдуссалам, хьаьттин ахь Аьстамаре вирдах лаьцна вай хьахийнарг, хIун барт хили шун?

- Хьаьттира, дага а велира со. Сай ден устаз волу Иласхан-Йуьртара Кишин воI Хьаьжа, устаз къобалвина, и леци ас,-олу Салама.

- Дукха чIогIа бакъахьа ду, меттара ду, Дала къобалдойла хьан вирд, хьан чIагIо а, -олу Хьаькас.

Аьстамар, цуьнан воI Iабдуссалам, цуьнан воI Iабдурохьман Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжин вирдехь хилла. Иштта, Iабдурохьманан воI Ахьмад а, церан доьзалш а Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжин вирдехь схьабогIуш бу.

Дешна ваьлла ша Варанда цIавирзича, Салам-моллас шен хьуьжар схьайоьллу. Оцу хьуьжарехь доьшу гонаха йолчу йарташкарчу, кIошташкарчу бераша. 500 гергга дешна стаг, Iеламстаг арахоьцу оцу хьуьжарехь Салам-моллас. Уьш дуккхаберш Iеламнах, маслаIатан дай хилла, ДегIастанахь нахана пайде а болуш дIахIиттина.

Оцу чолхечу заманахь Салам-моллас вовшахтоьхна йоккха мактаб хилла, йоккхачу хIусамехь цIенкъара тхов тIе кхаччалц 3 ога дIалаьцна жайнаш долуш.

Нохчийн халкъ махках даьккхина,Сибрех дигинчул тIаьхьа и жайнаш тIепаза дайра. Цхьадерш, суьйлаша дIадаьхьначех карийра, амма дукхахдерш НКВД-с къайладаьхна.

Суьйлаша дIадаьхьначех масех жайна керакхаьчна Салам-моллин доьзална.

Салам-молла хилла аьккхийн махкахь хьошалгIахь. ХIара тIевоьссина хIусамда лулахошка мавладе кхайкхина хилла. И шиъ цхьаьний воьду цу мажлисе. Оцу буса Салам-моллас шариIатах, тIарикъатах лаьцна цхьа чIогIа хаза хьехам бина, цул хьалха цкъа а цуо беш хезна а боцу, стиглара охьа догIа догIу-те аьлла хоьтуьйтуш, оцу кепара. Йуха шаьшшиъ чукхаьчча, хIусамдас олу Салам-молле: - Деллахь, Салам, вайна цкъа а ца хезнера-кх ахь оцу кепара хьехам беш. И хIинца йуха суна дуьйцур дацара ахь? Сайна Iамор дара ас и, -аьлла. Цигахь и хьехам а бина и шиъ чувеана цхьа сахьт а ца даьлла, т1аккха Салам-моллас элира:

- Суна дага-м догIур дац и хьуна хIинца йуха дIадийца.

ХIусамдас элира:

- Ва Салам, хIинцца ахь цу чохь дийцинарг бахий ас-м.

- Боху-те, хаьа суна, дагадогIур дац суна,-элира Салам-моллас.

- Деллахь, Салам, ца кхета -кх со, муха ца догIу хьуна и дага, цхьа сахьт а ца даьлла ахь и дийцина.

- Оцу чохь ас и дуьйцуш хьуна хезнарг, гIу чуьра чийликца хи хьала ийзош доккхуш ма-хиллара, оцу бусалба наха шен кийрара хьалхабохуш бара и хьехам. ХIинца царна йукъара схьаваьллачул тIаьхьа дагадогIур дац и суна,-элира Салам-моллас.

Салам-моллас динчу маслаIаташца дукха лураллаш дIадирзина, чIирхой хьалхабуьтуш, тайпанашна, йарташна, кIошташна йуккъе эгна долу дукха ирча даккхий питанаш, мостагIаллаш.

ЖиргIанан дов тIаьххьара а хедаш Иласхан-Йуьртахь гулам хилла. Салам-молла хилла цигахь и дов къастош. Генадаьлла доьдуш и дов а долуш, маслаIат деш дуккха а Iеламнах, зуькаран охIла а болуш хьал хилла. ТIаккха Салам-молла хьалагIаьттира, цуо леккха хьала куьг ойъуш нахе мохь туьйхира: - ХIахIани нах, ладогIал цкъа хIинца, хIокху ЖиргIанан дов тахана чекхдели шуна ДегIастанахь. Иласхан-Йуьрта а (ГIайракха коьрта а), Гуьна а (Эртана а) и жиргIа хьур йоцуш, хIорш маьрша а буьтуш кхийолчу меттехь.

Ламанца вехаш йалх ваша вара. Царах цхьаьннан кхалхар хиллера цхьана кхечу ламарочун карах. Бисина вежарий чIогIа дуьхьалбевлла хилла маслаIат тIе ца дуьтуш. Бехкеверг, муххале а, дийца а ца оьшура, совберш а тIе ца буьтуш дуьхьалваьлла хилла пхи ваша. Йух-йуха дукхазза маслаIат тIекхоьхьуш, вежарша и улле ца дуьтуш, дахделла хилла дов. Цхьана дийнахь, йуха а маслаIатана хьалхаваьлла Салам-молла а волуш, тIебахана нах. Йух-йуха и маслаIат шайна тIетеIош новкъа долуш карзахваьллачу жимахволчу вашас, лаьтташ шел баккхий вежарий а болуш, хьала а иккхина олу: - Ванах, хьо стаг цхьа а йуьхьан чкъуьйриг а йоцуш, ма чIогIа эхь доцуш ву, хьоьга ала маьллера оха, хIара дов дуьтур долуш дац, кхин ма дуьйла аьлла! – Салам-моллина йуьхьа тIе шетташ а тухуш.

Ткъа Салам-моллас шен гIовталан пхьош меллаша йуьхьа тIехула охьа а хьокхуш, элира:

- ХIумма а дац, тахана хьо тухху ву, со дIайоккху ву.

И дош Салам-моллас алар бахьана долуш, тIехьара схьа а кхевдина цуьнан воккхахволчу вашас, лерган йух лоцуш, вортанчу тIара тоьхна, «парт» аьлла и гIиллакхах воьхна волу шен ваша тIекIел эккхийтина.

- Салам, хьо кхоьллинчу хьайн Делан дуьхьа вала хIокху тхайн «жIаьлина» къинтера, хIокхо вуно чIогIа йуьхьIаьржа хIиттийна тхо. ХIинца ахь диннарг хир ду-кх хIокху девнах. Оха жоп дели хьуна. ХIара тхан доьхна долу гIиллакх нахана йуккъехь хьаха ма дахьара ахь,-элира воккхахволчу вашас.

Нахана гIараваьлла, доьналла долуш, ондда, ницкъ болуш хилла волу Салам-молла, шен кхетам хиларе терра, ийманца, собарца чекхавалар бахьана долуш, иштта хаза масаллин маслаIат а хилла дIадирзира, ца доьрзуш лаьтташ долу, и дов.

ДегIастанахь гIараваьлла волу Iеламстаг варандойн Изновр-молла СаламгIарна уллохь Iаш хилла Варандахь.

Изновра йуьхьаьнца Салам-моллица дешна, маьхьалаш а Салам-моллица чекхдаьхна.

Цул тIаьхьа Салам-моллас олу:

- Изновр, сан вахар-вар дукха нисло, ахь къобалвина волу устаз Хошкалдара Юсуп-Хьаьжа батIил а, захIир а Iилманехь чIогIа а волуш, дика Iеламстаг ву. КхидIа хьо цуьнгара Iилма схьаэца ваха веза, и волчохь а Iаш.

Цул тIахьа дукха хан йалале Изновр шайн дайшца долчу гергарлонца Дуби-Эвла вахана хуьлу. Цигахь цхьа бахьана а хIоьттина веана нисло Хошкалдара Юсуп-Хьаьжа а. Юсуп-Хьаьжа ламаз оьцуш а волуш, цунна жимхалла деш уллехь хуьлу Изновр. Ша ламаз эцна ваьлча, Изновре хьала бIаьрг а хьажабой, Юсуп-Хьаьжас олу: «Со хIинцца оцу Дочу-Борзе а вахана, цхьана нахе вист а хилла, йухавоьрзу, вайшиъ цхьаьна дIа ца вахча вер вац хьуна». Салам-моллин а, Юсуп-Хьаьжин а къамел хилла а дац цул хьалха, амма, Салам-моллин а, Изновран а къамел шена хезча санна олу Юсуп-Хьаьжас Изновре, хьо шеца дIаван везар ву, олий.

Жимчу-АтагIара хилла Сулайма цIе йолуш стаг. Сулаймица гергарло долуш хилла Салам-молла. Цхьана дийнахь Жимчу-АтагIахь тезета ваханчохь Салам-молла а, Изновр а цхьаьна нисло. И шиъ делкъанна чувоьду Сулайма волчу. Салам, шена хьехна, шен хьехархо хилла хиларе терра, цуьнца лерам беш, «Воккха молла» олуш хилла Салам-моллех Изновра.

Сулайма шен воккхаллица паднара тIехь чуьчча ши ког а тесна, пенах букъ а тоьхна, шен суьлхьанаш а хьийзош Iаш хилла. Цунна аьтто агIор Салам-молла а, аьрро агIор Изновр а хилла цIенкъахь куза тIехь хиъна Iаш.

Изновра элира Салам-молле:

- Воккха молла, хьо цIахь воцуш хийлазза зама дIа а йоьдий, цхьацца хIума хьоьга хатта дагадогIий Iара со. И суна дагадеана долу хIума хIинца сайн аьтто баьллачура хатта мегар дарий ас?

- Мегар ду хьуна, схьахаттахьа, Изновр,-элира Салам-моллас.

Оцу жайнаш чохь дийцина долу Iибадаташ дерриге а накъшбандин тIарикъатехь болчу нехан Iибадатца догIуш ду, жайнашна тIера схьаэцна а ду уьш. Жайнаш дагардеш, имамаш, Iеламнах багарбеш, хьенеха кхузахь иштта аьлла, кхечанхьа иштта аьлла бохуш, къадарин тIарикъатехь болу болх банне а бан а боцуш санна, накъшбандин болх гуттар а бухь а баьккхина ирх баьхьна дIахIоттийра Изновра.

- Цу балхана хIун эр дара ахь?-хотту Изновра.

Изновра къамел дечу хенахь паднара тIехь паргIат а ваьлла хиъна Iаш волу Сулайма, меллаша шершшина цIенкъа охьа а ваьлла, шен голашна тIе буйнаш а гIортош, Салам-моллиний, Изновраний нийсса дуьхьал охьа хиира.

ТIаккха Салам-моллас, жимма тем а бина, элира:

- Кхин тIехотта а, тIетоха а хIума а дуй хьан айхьа дийцинчунна, Изновр?

- Дац,-элира цуо.

ТIаккха Салам-моллас, шен-шен меттехь бух а балош, хIокху меттехь, хIокху жайни чохь иштта дуй, кхузахь иштта дуй, бохуш, вуно чIогIа жоьпаш делира Изноврана, цхьана а кепара цунна дуьхьала дало хIума а ца дуьтуш.

- Изновр, хIара ша дийцинарг дохо хIума а дуй хьан,-хьаьттира Салам-моллас.

- Дац. Кхачаме ду,-элира Изновра.

ТIаккха Изновра Сулайме дIа а хьаьжна:

- Сулайма, ас къамел дечу хенахь, суьлхьанаш а хьийзош, пенах дIа а тевжина, паргIат Iаш ма вара хьо. ХIокху Воккхачу моллин рагI тIекхочучу хенахь, паднар тIера охьа а воьссина, голаш тIе буйнаш а гIортош, сема охьа ма хиира хьо,-аьлла.

- Оцу Делан возаллора Изновр, Саламан хьуна дуьхьала дало кхачам боллуш къамел доцуш хIара кIел висинехь, хIара буй хьан марштIе тоха охьаваьллера со оцу паднара тIера, -элира Сулаймас.

- Вай, ахь муха туху суна буй, цкъа делахь, хьо волчу хьошалгIахь ву со, шолгIа делахь - хьан кIантана Сайд-Ахьмадана хьоьхуш а ву со.

- Сан кIант Сайд-Ахьмад а, цуо Iамош дерг а цуьнан ворхIе да ваханчу додахьара, оцу Салама иштта и къамел хьоьга ца динехьара хIара буй оцу хьан марштIе кхетарг хилар и Дела цхьаъ хилар санна бакъ дара-кх хьуна,-элира цуо динчу къамелана дукха оьгIазваханчу Сулаймас.

Сулаймас олу Салам-молле:

- Ва Салам, цIеххьана хьо дIавалахь, хIокху элпаш Iамийначу наха дендерг шена хаьа хьуна. ХIинца айхьа хIокху Изновре мел дийцинарг шега схьадийца дезар ду, ша иза дIа а йаздийр долуш кехата тIе.

Вела а къежаш Салам-моллас аьлла Сулайме:

- ХIинца и йуха дIадийца хан кIезиг а йу, тезета дIадаха а деза. И цкъа дийцинарг дуьхьара санна дика а ца нисло, цхьа паргIатехь жайнаш схьа а эцна, царна тIера доьшуш хилча кхин а дика нислур дара вайшиннан,-аьлла тесна дитира Салам-моллас, Сулайме дукха са ца гатдайта цу хьокъехь.

Цул тIаьхьа дукха хан йалале Сулайма воьду Салам-молла волчу Варанда. Хьал-де хьаьттиначул тIаьхьа Сулаймас шен четара муьжалта йукъара кехатийн тептар а, къолам а схьаоьцу.

- Салам, ахь хьастаха дина къамел шен коьртера дIадаьлла дац хьуна, и дIайаздан веана ву со. ХIинца хьайна мел оьшуш долу жайна хIокху чуьра схьа а эций, сихонца и дIайаздайталахь,-элира Сулаймас.

- Сулайма, хIокху чохь долу хIара жайнаш гуш дуй хьуна? И неI йолу ога доцург, хIара кхо пен схьалаьцна цIенкъара тховтIе кхаччалц хьуна схьагуш долчу жайнех ас дешаза цхьа а дац царна йукъахь. И ас дина къамел тIехь долуш цхьа а жайна а дац хьуна царна йуккъехь. Цигахь ас и дийцича, оцу к1ентан цунах тешар муха хир ду ца хууш, Далла гергахь иза дакъазваларна кхоьруш, и ларвархьама ца дийцира ас и ма-дарра. Оцу кIанта и къамел дича, хIокху жайнашкара цунна дуьхьала дало хIума долуш вацара хьуна со. Суна аьтту агIор ван а веана, вайн устаз охьахиира хьуна. Иза вайна ма-хаьара иштта ган йиш йолуш вацара. Цуо «ХIара дIаала кIант, хIинца хIара дIаала» бохуш, сайга схьа аьлла аьлларг ас схьа а олуш дина къамел дара хьуна иза. Оцу къамелан да со вац хьуна, цуьнан да вайшиннан устаз волу Кишин воI ву хьуна. И къамел ас хIинца хьуна йуха дан матте догIур долуш вац-кх, -элира Салам-моллас.

- ХIа-а, хила а хилла хьуна и къамел шен да волуш. И схьадуьйцуш стаг ца хилахь, хьанна-хьанна а дан хуур долуш къамел дац,-элира Сулаймас.

Иштта шен хьехархо а, лулахо а хилла волчу Салам-моллех беркат долий, къадарин т1арикъатах шен з1е тосу Изновра. Шен устазан Хошкалдарчу Юсуп-Хьаьжин вирд лелийна ца Iаш, хIора пхеа ламазал тIаьхьа Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжин вирд доккхуш дIахIутту тIаьхьо Изновр.

Хьала-Келахь хилла Оьзни цIе йолуш цхьа дешна стаг. Оьзни ДегIастанарчу дикачу нахаца, Iеламнахаца гергарлонаш долуш хилла, ша Девкар-Эвларчу Доккин вирдехь а волуш.

Цхьана гурахь Изновр ша волчу мавладе кхайкхина Оьзнис. Шуьйта цунна дуьхьал машен а йохуьйтий, иза Хьала-Кела ша волчу хьалавалавойту цуо. ТIаккха, шайн мажлис чекхйаьллачул тIаьхьа, Изновран лаамца, цунна дIаваха пурба ло Оьзнис, иза ша воьдучу машенахь дIакхето Шуьйтара Баудди накъост а луш:

- ХIара машен а, хIокхуьнан мукъ карахь болу хIара кIант а накъосталлина дIавелла ас хьуна тховса, хIокхо ахь боххучу дIавуьгур ву хьуна хьо, -олу Оьзнис.

- Дика ду, Дала шун мавлад а, сагIа а къобалдойла, массеран а зераташ а къобалдойла, шу марша а Iойла, -олуш новкъаволу Изновр.

- КIант, хьан цIе хIун йу? -хотту Изновра.

- Баудди ву хьуна со, -жоп ло цуо.

- Баудди, вайшиъ хIинца хIокху хьан машенахь махуьллу чехка Лекха-Варанда хьала ваха везаш ву хьуна,-олу Изновра.

Лекха-Варанда оцу хенахь некъаш доьхна долуш, боккха хатт болуш, ваха-ван хала долуш меттиг хилла, догIанаш даьхкича некъ харцахьа болуш. Оцу гуьйренан буса къаьсттина йочана йахйалар бахьанехь буьрса хьал дара арахь. Варанда дукъа тIе машен хьалагIоьртинчу хенахь Изновра олу:

- Баудди, машен сацайелахь кхузахь.

Машен соцу. Изновр, сихонца охьа а вуссий, нийсса шайна дуьхьал нисделлачу кешнашна тIеволало. Баудди леррина тидам беш хуьлу Изновра лелочун. Кешнашна герга ма-кхоччура: «Ассаламу Iалайкум» -олий салам ло, Изновра. Схьагуш адам а доцуш: «Ва Iалайкумус-салам» -олуш салам схьаоьцуш хеза Бауддина. Оцу сохьтана и сурт схьагича, дегIе зуз хьодий, инзаре чIогIа Iада а вой вуьсу иза.

04 →

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

**ВАЙН ИСТОРИ**

# САЛАМ-МОЛЛЕХ ДАГАЛЕЦАМАШ

←02

Цул тIаьхьа а цаьршиннан къамел хезаш дара, амма къаьсташ хIума а дацара суна, бохуш дуьйцура дукха хан йаьллачул тIаьхьа Бауддис. Ша воллучохь Iада а вина, вула а велла лаьттара ша. Изновра машен чу а хиъна, «дIаргI» аьлла неI тIе а тухуш: «Схьа чухаа» аьлла мохь тоьхча жимма метта деара шен дегI а, синкхетам а.

- Баудди, машен дIайахийта ахь хIинца,-элира Изновра.

ТIаккха меллаша оцу дукъа тIе хьала а ваьлла, чувирзира шаьшиъ. Йуха генавалале Изновра цуьнга элира:

- Сацайел цкъа хIара машен. Баудди, хьоьга гIайгIа кхаьчнийла хаьа суна, хьо Iадийна вуйла а хаьа суна. Дуьненахь ша дийна а волуш ахь цхьана а адаме дуьйцур дац аьлла тIелацахь, ша дуьйцур ду хьуна и хIоьттина сурт.

- ВаллахIи, Делаца чIагIо ма йо хьуна ас Изновр, хьо дийна а волуш цхьана а дегIе и дуьйцург цахиларна. ХIара настарш хIинца а цу балхо Iадийначуьра метта йогIуш йац-кх сан, дийцахьа, -элира Бауддис.

- Варандара Амхьад цIе йолуш, Иласхан-Йуьртарчу баккхийчу муридех цхьа воккха стаг вара кIелвисина. ГIалара хьалавогIучу хенахь дуьйна и дIакхалхале цунна тIекхочур вацара-те аьлла чIогIа сатесна вара со, жимма цунах ирс эца а, цуьнан гIуллакхе хьажа а. Вайшиъ оцу кешнашна герга кхаьчначу хенахь, царна тIе а вирзина доIа деш Иласхан-Йуьртара шайх вара. Иза суна ган хьакъ вацахь а, Дала сан сина гайтира иза. Машенахь а волуш цунна тIеваха-м хIунда дуьйцура ахь, тIехдовла а бегIийла дацара вайна. Цундела хьоьга машен саца а йайтина тIевахара со. Иштта делла дара ас и салам. Цуо салам схьаэцначул тIаьхьа, «Амхьада балхана орцах ваьлла вогIу хир вара хьо»-элира соьга. «Амхьадана са ма гатде ахь, Амхьад а, цуьнан са а саэца даьхкинчу маликашка дIа а делла, уьш дIа а хьовсийна, кхуза хьаладевллера вай», -элира соьга Хьаьжас. «Оцу Амхьадан цIийнан нах бу хьуна хIокху йочанехь дIахIотто дезачу тезетан, адамана бан боцчу аьттонна чIогIа гIайгIане, цхьа а хIусам а, бахам а боцу дела. Оцу нахе боха ма боха алалахь, Амхьад ша дийна волчу хенахь Деле и кхо де дехна вара хьуна. Цуьнан доIина Дала жоп делла хьуна. Кхана сатасале хаза Iовда а йелла, лар а йаьлла дIахIуттур йу, са ма гатде ала». Иштта и къамел дина Иласхан-Йуьртара Хьаьжа къайлавелира, цул тIаьхьа со машен чу а хиира. Дуьненчохь со дийна а волуш и дийца пурба ца ло хьуна,-элира Изновра. Изновр кхелхинчул тIаьхьа Шуьйтарчу оцу Бауддис дийцира иза.

Шина Суьйра йуккъехь (Пригороднехь) Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжин вирдехь болчу нехан цхьа тезет хилла. Докъан бараман гIуллакх дIа а дерзийна, хIусам чуьра ара ваьлла, лами тIера чехка доьдучу чIагаран зуькаре а хьоьжуш Iаш Изновр хилла, хьалаайбина гIаж а йолуш тIевеанчу оцу йуьртарчу туркхо хотту цуьнга:

- Изновр, хIун хета хьуна хIокху тхан балхах, реза вуй хьо?

- Ву дера со-м реза. Со хIунда вац реза,-олу Изновра.

- Хьайн Делан дуьхьа дийца, баккъал а, реза а волуш бохий ахь? - олу цуо йуха а.

- ХIинца ахь Делан дуьхьа аьлла дуй кхоьллича, ма-дарра бакъдерг ца дийца йиш йац вайн. Шуна реза-м ву со, шу хIокху балхана дIахIиттина лаьтташ хиларна. Делахь а хIинца сайна хетарг хьоьга дIа ца аьлча ца волу со. Амма и хьоьга дIаалале хьуна цхьа хIума дийца воллу со, олуш шен кисинара бIе суьлхьа хьаладоккху Изновра. Тахана айса олург аьлла ваьлча, хьо ма воллу эцца дехьа а ваьлла, цхьа молла вара вайна ша реза вац бохуш, со вийца. Хьуна дIахоийла, сан бIаьргашна схьа а гуш, сайна шариIатан а, тIарикъатан а Iилма а хьоьхуш хилла волчу сан устазан вирд со дитина а воцуш, ахь доккхучу хьан устазана и суна схьагуш а волуш, цуьнгара схьаэцна хIора пхеа ламазал тIаьхьа Иласхан-Юьртарчу Хьаьжин вирд доккхуш ву хьуна со. Ахь хоьтту соьга, реза вуй бохуш. Вац со аш лелочу балхана реза. Зуькарна а реза ву со, тIарикъатна а реза ву со. Амма, шуна реза вац со. ХIунда вац со шуна реза? Оцу Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжас деанарг цхьаъ ду, шу масийтта декъе декъа а делла лелаш ду, хIоранна а ша-ша нисвелла а хеташ, бакъ а хеташ. Цундела вац со шуна реза, -элира Изновра.

Ушаев Мазлак хилла бусалба нахаца чIогIа Iоттавелла. Гуттара а ша кхаьчначу меттехь бусалба нехан, Iеламнехан, динца гергарло долчу нехан коча гIерташ, уьш сийсазбеш. Амма, Салам-молла волчохь озалуш хилла Мазлак, хIунда аьлча, цуо дукханхьа шен харцо чекх ца йалийтина дела. Бехк гуьнахь а доцуш Мазлак нехан коча гIоьртича, НКВД-н белхахо вара аьлла ца Iаш, дукха буьрса тоьхна, човхийна хилла иза Салам-моллас мосийттазза.

Цхьана дийнахь новкъа схьавогIуш, йуьрта йистехь Iинчуьра схьа узарш хеза Салам-моллина. Йуьртарчу кегийрхошка хаам а бой, цаьрга Iинчуьра хьалавоккхуьйту Салам-моллас тоьпан чов хилла волу цхьа ца вевза стаг. Иза обаргаша топ тоьхна, Iинах вахана оьрси хуьлу. Чов а йина, иза Iинах вахча, велла аьлла цуьнан говр а эцна дIабахана уьш. Кегийрхоша хьалаваьккхина волу и дархо шен ворданна тIе а вуьллий цIавуьгу Салам-моллас. Цунна гIоли хиллалц дарба-молха а лелош и шайгахь кхобу цуо. Салам-моллас олу шен хIусамнене:
- Айхьа оцу гаурна хьалха хIума мосазза хIоттайо, и дIа ма йаккхалахь лулара бусалба стаг чу а кхайкхий, цуо хIума кхаллалц, чохь мел долу беркат, дика болх арабалийта йиш йац хьуна вайн. Ша жимма меттавеача, царна баркалла а аьлла, Iодика а йина дIавахана оьрси.

Цул тIаьхьа дикка хан-зама йаьлча МахкатIера Юсуп-Хьаьжа а, Салам-молла а лоций дIахьажаво, кера цхьа кехат а лой, Буру-ГIала. ХIара шиъ дIавуьгучу хенахь хьалхаваьллачу Юсуп-Хьаьже Салам-моллас лере а таьIаш олу: - Юсуп-Хьаьжа, соьга шаьлтанан мIаьчиг йу сайн дегIаца лелош, оцу оьрсичунна и шаьлта йетта воллу со. И вийча вайшиъ кхузара къайлавала кхиор вара,-олий.

- Мегар дац хьуна, Салам, варий, мегар дац хьуна. Мавлад дагалацалахь, олуш хилла Юсуп-Хьаьжас. Шозза-кхузза а цуо иштта чIогIа аьлча, цунах бехк а лаьцна, мавлид дага а лаьцна сецира со, -элира Салам-моллас.

- Чувола! - аьлла неI а йоьллий чукхойкху и шиъ эпсаро. Шен стоьла хьалха йазйеш Iаш волу эпсар хьалахьожу шина йийсаре. Салам-молле дIахьаьжча, ч1ог1а цецволуш, ши бIаьрг а къарзош хиъначуьра хьалаэккха иза, - Салам? – олуш хаттаре мохь а тухуш.

- Х1аъ, Салам, жоп ло Салам-моллас. ТIаккха дуьхьал а вогIий, Салам-молла къоьвллий маравуллу цуо, белшаш тIе дайн куьг а тухуш.

- Шу хIун деш ду кхузахь? - хотту эпсаро.

ТIаккха шайга делла кехат дIакховдадо Салам-моллас. Цу тIе мосийттазза йух-йуха цецваларца бIаьрг а кхарстабо эпсаро.

- Хьажахьа, ма боьха хIуманаш йу уьш, оццул шуьшинга цабезам хила хIун даьллера-те шуьгара, тоьпаш тоха аьлла омра ма ду кху тIехь,-олий и кехат датIа а дой дIакхуссу цуо.

Цхьа кхин кехат а йаздой, цу тIе мухIар а хIоттадой, и дIа а кховдош, эпсаро олу:

- ХIокху кехатца шуьшиъ цIакхочур ву шуна.

Оцу сохьта тилпо дIа а хьовзайой, шайн машен схьакхойкху цуо. Оцу машенна а ша хьалха а хуий, базара дIайахийта олу, эпсаро. Базарахь дийна йухкуш йолу ши котам а оьций, Салам-молле шегга царна урс а хьокхуьйтий, хьеший а буьгуш цIавоьду и.

Шен зудчуьнга: - Же, сихха бусалба нахана кечйан майеззара и котам кечйе, бепиг а диэ,-олий тIоьрмиг дIа а кховдош, хьеший паргIатчу хIусаме буьгу.

Дика хьошалла а дой,шолгIачу дийнахь Iуьйрре Юсуп-Хьаьжа а, Салам-молла а новкъавоккху эпсаро.

Юсуп-Хьаьжас аьллера Салам-молле:

- Салам, гирий хьуна, ахь мавлад дагалацар бахьана долуш вайшинна мел беркат дели. Оцу бухахь и эпсар воцуш, цхьа кхин хиллехь, вайшинна тоьпаш тоха бина кечам хилла оцу Делан мостагIаша.

Салам-молла цхьана маслаIатехь аьккхийн махкахь нисвеллачу хенахь, церан къамел хуьлу Iедалан къизаллех, цара Iеламнах лоьцуш, хIаллакбеш хиларх лаьцна. Салам-моллас аьллера цаьрга:- ХIинца дуьххьара лоцучу нахах со хир волуш ву, суна тIаьхьабевлла бу, Шуьйта ламанца царна уггаре а боккха кхерам соьгара хета тахана.

Аьккхаша олу цуьнга:

- ШайтIано лехча а карор воцуш, хьо къайла ваккха дукхе дукха кIоргачу Iаннашкахь хьехаш йу тхан, тхуна бен йевзаш а йоцуш, иштта болчу кхерамана тхан дайша хьалхе дуьйна а кхерам богIучу хенахь шаьш, шайн доьзалш, даьхний къайладохуш хилла а йолуш. Оха хьан доьзал а схьабалор бу, цIа ца воьдуш сацахьара хьо кхузахь.

Вела а къежна, Салам-моллас элира: - Деллахь, ма хIайтъаьлла, тIахъаьлла, доьналлехь кIентий ду-кх шу, Дела реза хуьлийла шуна. Делан кхиэл хIоьттина йаьлла йу, и вайга хийца а лур йац. Со бахьанехь нах хьийзабойтур бац ас. ТIаккха жимма соцунгIа а хилла элира Салам-моллас: - Оцу Делан возаллора кIентий, и вайн устаз къобалво бохуш волчу къонахчунна эхь ма дара шуна, хIокху дуьненчуьра ша аравалале шен устаза арабаьккхина болу некъ, Iаьвшина бала, гIайгIа шен дегIаца цкъа мукъане ца Iаьвшича.

1937-чу шаран 5-чу июлехь Шуьйтахь лоций охьавуьгу Салам-молла. Талламан туьшахь чохь латтаво Салам-молла дуккха а хеттарш деш, шайна хета жоп цуьнгара ца хуьлуш.

Шений, таллам беш волчу муьжгичунний (следователь) йуккъехь талмажалла деш волчу нохчичуьнга элира Салам-моллас:

- ДIаала оцу Делан мостагIчуьнга, сан дегIана аш хIуъа дича а шун хама-пусар деш вац со, сан сина аш дан мискъалазарратал хIума а дац. Шаьш дан леринарг дай довла ала. Суна кхел-хьукма азаллехь со кхоьллинчо йаздина даьлла ду. Со цунна реза ву. Йуха а, тIаккха а хама-пусар дац шун, Делан мостагIий.

Цул тIаьхьа, шайна хетарг цунах хир доцийла хиъча, итт шо хан а тоьхна, Ухта́ (Коми) олучу шахьара лагере Сибарех дIавуьгу Салам-молла.

Нохчий халкъ махках а даьккхина Сибрех дIадигначу шерашкахь, ВахIид цIе йолуш цхьа варандо лаьцна, итт шо хан а тоьхна, оцу «Ухта» шахьара, Салам-молла чохь лаьттинчу набахте хьажаво. ВахIида дуьйцура, ша набахте чукхаьчначу хенахь, шеца нисвеллачу цхьана стага хьаттира шега, ша Варандара вуй хиъча:

- Салам цIе йолуш Iеламстаг вевзарий хьуна?

- Дера вевзара, лулахь даьхна ма ду тхо Варандахь,-элира ВахIида.

- Салам-молла тхуна йуккъехь воккханиг а волуш, Iилманна кIорге а йолуш, чIогIа лерам болуш вара тхан. Делан йозанца, дегIах лазар а кхетта, оцу маьнги тIехь Iиллира иза,-элира оцу стага, шена уллерчу маьнги тIе ишар а йеш.

- Оцу лазарх бахьана а хIоьттина дIакхелхира Салам-молла. Оха набахтин куьйгалхочуьнга дехар а дина, хIара воккха стаг а вара, тхан къомана йуккъехь лерам болуш стаг а вара, тIаьххьара хIокхуьнан леерам байтахьара ахь. Цуо кхин дуьхьало ца йеш, Дала и мутIахь а вина, бусалба Iедалехь нохчаша санна, бани чохь хи а кхаьрзина, цунна марчонна хьарчо киса а ца хилла, цхьа кхин кIади а хьарчийна, эцца арахь долчу кешнийн кертахь дIаверзийра оха иза.

ТIаккха маьнги кIелара цхьа маьхсеш схьаозийра оцу стага.

- Салам-моллас лелийна маьхсеш йу хIорш, ахь пурба делча, хIорш лелор йара оха, элира цуо.

- Салам-молла сан шичамаьхча а вац, тайпана хилар доцург. Нагахь ас пурба делча магахь, и пурба ду шуна, гIозамаьрша лелайойла аш уьш,-элира ВахIида.

*Iабдус-Саламан Iабдурохьманан воIа Ахьмада дуьйцуш дIайаздина Iелимсолтин Ислама. 2022 шо*

# ДОБРОЕ ДЕЛО

У Дуды Исмаиловича украли коня. В поисках его шел он на восток. Дойдя до села Шали, он спросил жителей:

- Кто у вас слывет хорошим наездником и имеет хорошего коня?

Дуда Исмаилович прибыл в Шали пешком, ибо посчитал постыдным просить у людей коня. Шалинцы ответили ему, что сын такого-то некий такой-то славится в селе и имеет хорошего коня. Они же указали и дорогу.

Пошел Дуда Исмаилович прямиком к дому названного шалинца. Затем вызвал его.

- В поисках своего коня иду на восток. Дай мне своего коня. Если я найду своего, твой вернется к тебе, а если же я там погибну, то не беда, что ты лишишься своего коня.

Шалинец ни словом не обмолвился, даже не спросил, кто он и откуда. Он спокойно прошел во двор, полностью снарядил своего коня и вывел его Дуде Исмаиловичу. Пожелав счастливого пути, он при этом даже не спросил, когда он вернется.

Прошла неделя. Братья и родственники начали попрекать шалинца. «Убить тебя мало, кому отдал коня!» - сетовали они. Шалинец же отвечал, что «тот, кто взял коня, вернется, если будет жив, а нет - жаль будет его, а не коня». В таких препирательствах прошла и вторая неделя. И тогда к дому шалинца на своем коне подъехал Дуда Исмаилович, рядом с ним был пристегнут конь шалинца. Вызвал он хозяина коня, сказал ему, что его конь несколько устал, но дня через два будет таким, каким был прежде. Не стал шалинец спрашивать, кто его гость, где живет. Дуда Исмаилович не стал благодарить и, попрощавшись, уехал.

Прошло какое-то время, и случилось так, что брат шалинца попал в беду: в каком-то деле был убит его друг, а сам он арестован. Ему грозил расстрел. Шалинец пошел советоваться к людям: что бы ему сделать, как бы спасти брата. Расспрашивая, он дошел до города. Люди ему сказали, что в Ачхой-Мартане живет Дуда Исмаилович, которому знакомы и генерал из Владикавказа, и полковник из Грозного. Они посоветовали сходить к Дуде Исмаиловичу - тот не откажет в помощи.

Явился шалинец в Ачхой-Мартан к дому Дуды Исмаиловича, и в человеке, который вышел ему навстречу, узнал того, которому он давал своего коня.

- Так это ты Дуда Исмаилови? - удивился гость.

- Да, это я. Будь гостем. Что тебя привело?

- Я явился не потому, что некогда дал своего коня, а потому что люди посоветовали. Ты можешь обо мне подумать плохо, и мне не хочется говорить о своей просьбе.

- Не говори так, - ответил Дуда, - я знаю, что ты явился не для того, чтобы требовать услугу за услугу, говори, что тебя гнетет.

Шалинец изложил свою печаль, и тогда Дуда сказал ему:

- Ранее тебя ко мне приходил некий человек, которому я обещал помочь. С его делом я управляюсь до рассвета, а ты тем временем располагайся отдыхать.

Прямиком поскакал Дуда во Владикавказ. Когда он прибыл, с коня текла пена. Сидевшая у окна жена генерала увидела Дуду. Вошел он к ним в дом. Генерал предложил откушать чаю.

- Нет, - ответил Дуда, - арестовали моего брата, и над ним нависла смертельная опасность. Если ты его не вызволишь, уйду, не притронувшись к еде.

Тогда генерал написал письмо в Грозный и отправил его с почтой.

-Его отпустят, пей теперь чай, поешь, - сказал генерал.

Они посидели немного, и Дуда поскакал в обратный путь. Мучимый мрачными мыслями, в его доме сидел шалинец.

К рассвету вернулся Дуда, и говорит ему:

- То дело я закончил, теперь возьмемся за твое. Поехали.

Доехали они до Грозного и пришли прямо к тюрьме. У ее ворот среди двух офицеров стоял узник, в котором шалинец узнал своего брата.

- Скажи мне, Дуда, что все это значит?

- В прошлую ночь по твоему делу я ездил во Владикавказ, генерал направил в Грозный письмо с приказом освободить твоего брата. Но поскольку слова генералов и полковников расходятся с их делами, я тебе ничего не стал говорить: вдруг они не исполнили бы свое обещание. Ты бы мог принять меня за обманщика и подумал бы, что я своими обещаниями задержал дело, упустил время, и поэтому погиб твой брат. Только убедившись, что дело сделано, я сообщаю о нем, - ответил Дуда Исмаилович.

*В 1973 г. рассказал М.Г. Гакашев.*
*Записал И. Дахкильгов.*

# ЭВЛАЙАЪ IАВДА

**Бамат-Гирею-Хаджи (Iовде) Митаеву с искренним уважением посвящается**
**Этот святой из с.Автуры шесть с половиной лет провел в халбате, восхваляя Всевышнего Аллаха, отрекшись от мирских соблазнов, укрепляя силу духа и усмиряя плоть.**

Вокруг такая тишина,
Безмолвие вокруг такое,
Что не отделишь явь от сна,
А грохот взрыва – от покоя.

Мгновенья падают во мглу…
Огромный мир до ямы сужен…
При тусклом свете на полу
Уже остывший вкусный ужин.

Да это – просто целый пир!..
Соблазн, как в паутине бьется…
Не ужин – а пир на весь мир,
Но он к нему не прикоснется.

Пусть грешный мир не расколоть
Служеньем Богу… Да! Наверно!...
1овда с улыбкой: – Смертна плоть!
Величие души – бессмертно!

Шесть с половиной хмурых лет
Пройдут… Вокруг – оскал Химеры…
В душе немой мерцает свет
Под знаменем великой веры.

Великой веры неземной
В Него, единственного Бога…
Нет в яме двери, нет порога
И разговора за стеной…

Жизнь – словно сон, сон – словно явь.
Смешалось все в незримом вихре…
Сквозь океан грехов … и вплавь?!
Звезда надеждою не вспыхнет …

И, символ вечности храня,
Для суеты совсем неярко,
Трепещет язычок огня
На темном свечевом огарке…

Семь лет и семь месяцев Iавда
Себя искал во мраке ямы.
Так родниковая вода
Находит свой исток упрямо.

И Леты мгла, и жизни нить.
Спокойствие или тревога…
Звезду судьбы не погасить.
Она подвластна только Богу!

И вот теперь он – Абдулла,
И божий раб до самой смерти.
И верой крепок, как скала,
Стоящая на горной тверди.

Его поднимут на руках
На солнце… из полумогилы…
И он прошепчет: – О Аллах,
Благодарю, что дал мне силы

Чуть-чуть приблизиться к Тебе,
К Твоим стопам, Тебя во имя,
Что в человеческой судьбе
Мы, люди, можем стать другими,

Идущими всегда к добру
И ищущими двери рая…
Наверно, я, когда умру,
Средь мучеников буду с краю.

Поскольку, молодость…грехи…
И я виновен перед Богом…

Светает… Утро у порога…
И раскричались петухи.

Молитвы утренней пора,
Пора рассветного намаза.
И нет Божественней указа,
И нет Божественней добра…

Однажды Iавда (говорят)
Сидел задумчиво у дома.
И проходящий незнакомец
Остановил на нем свой взгляд.

И со словами: – Ты – святой!...
Священной стала эта яма!...
В ладонь худую эвлайа
Вложил червонец золотой.

В ответ Бамат-Гирей-Хаджи
С улыбкой (так умеют дети!):
- Эй, человек, ты мне скажи,
Откуда взяты деньги эти?

Прохожий: - Есть в словах твоих
Вопрос. Клянусь Фатиха-сурой,
Торгую я мануфактурой…
И честно заработал их.

Бамат-Гирей-Хаджи в ответ:
– Тебе, быть может, и виднее…
Отдай тому, кто победнее.
А у меня карманов нет!

Потом неторопливо встал:
– Еще скажу, кто с Богом дружен,
Тому большой запас не нужен,
Чтоб ношей в жизни он не стал.

Iавда, не торопясь, вошел
В свою калитку… а прохожий,
Со вздохом прошептал: – О Боже!-
И тихо, не спеша, ушел.

Жизнь странна. Где-то щедрый пир,
То милости, то нет пощады.
Кому-то нужен целый мир,
Кому-то ничего не надо!...

Сияет райская звезда,
И к ней идет прямой дорогой
Тот, кто нигде и никогда
Не расстается (в сердце) с Богом.

Двадцатый лицемерный век,
Как многим растлевал ты души,
Не потому ли так бездушен,
Порой, и мерзок человек.

Не по своей вине ль утоп,
Он в грязи блуда и разврата,
Поправ цинично все, что свято,
В морали – дикий, как циклоп.

Людских грехов все гуще лес…
И эвлаяи, и пророки,
В намеченные Богом сроки,
Нисходят тайно к нам… с небес…

В зиярте тихом, в Автурах,
(Где тишина хрустальней вазы!)
Нетленным символом устаза
Лежит его священный прах.
Мирское не решают тут.
Здесь дух безгрешности витает.
И, жизнь земную коротая,
К нему паломники идут…

Есть что любить, чем дорожить…
И есть величие примера…
Пока сияет компас Веры –
На свете нам не страшно жить!

*У. Яричев*

## НАДЕЖДА

В одном селе за девушкой ухаживал сын богатых родителей. А эта девушка бедных родителей имела. Будучи из богатой семьи, парень относился к девушке свысока.

Однажды в селении большая свадьба была, на той свадьбе ухажер девушки начал оказывать знаки внимания соседке своей возлюбленной. От унижения перед своими сверстницами, потрясенная, сидела девушка.

В это самое время парень, сидящий в дальнем углу, передал весточку с просьбой уделить ему внимание. Он был бедно одет, в длинной черной бурке. Обрадовалась девушка.

Сам тот молодец не танцевал, но делал так, чтобы ее приглашали другие. Каждый раз, когда она танцевала, он стрелял из пистолета. Так прошло немало времени.

Богатый ухажер девушки, решив узнать, кто же осмелился оказывать столь явное предпочтение той, которой он пренебрег, сказал:

– Прекратите стрелять, если кто осмелится еще раз пальнуть, дело будет иметь со мной. Здесь дети!

Когда девушка танцевала снова, молодец в очередной раз выстрелил из пистолета. Вскочив, бросился на него барчук. Не желая свары, молодец сказал:

– Сейчас сюда может прийти человек от власти, поэтому я не могу уйти, а с тобой мы разберемся без свидетелей. Увидимся!

Подойдя к девушке, сказал он:

– Я вернусь, не выходи замуж, я Зелимхан из Харачоя.

Сказав эти слова, сел на коня и уехал джигит. Долго стояла девушка, как остолбеневшая. А услышав имя Зелимхана, говорят, изменился в лице барчук.

Много времени минуло с тех пор. Более ста лет прожила та девушка, так и не выйдя замуж. Так она, говорят, рассказывала, почему она не вышла замуж: «Я не в силах забыть ту выручку и уважение, оказанное мне в ту минуту, когда я сидела опозоренная и расстроенная, все время ждала его. За все эти долгие годы я не могла допустить и мысли, что он не вернется».

*Записал Дадаев Элабек*

## ХЬЕКЪАЛЕ ДОШ

### ТАХАНЛЕРА ДЕ, ХЬАЙН ТАХАНЛЕРА ДЕ ЛАРДЕ

Хьуна хьуо айхьа-хьайца бакъхила лаахь, и лаам хьан болат санна онда, чIогIа а хилахь, «таханлерчу хIокху денца бен вехар ма вац со» бохучу кхетамна кIел валор ву ахь хьуо. ТIаккха пайдаоьцур бу ахь хIокху таханлерчу дийнан хIора минотах хьуо кхиарехь, хьайн говзаллаш кхиорехь, хьайн Iамал нисйарехь. Ахь эр ду: «Тахана нисбийр бу ас айса лебен мотт, сан багара дера дац цхьа а вон дош, боьха дош, лер. Тахана нисйийр йу сайн хIусам, сайн жайнин цIа. Даьржина, дIасакхоьссина хIумма а хир дац сан, массо а хIума шен къеллехь, шен низамехь хир ду сан. Тахана вехар ву со, сайн дегIан цIеналла ларйийр йу ас сайн куц-кеп хаздийр ду ас, сайн духар тодийр ду ас, сайн лелар, сайн къамел нисдийр ду ас.

Таханенца вехарву со, сайн Далла муьтIахь хиларехь къахьоьгур ду ас, уггаре а хазчу куьцехь ламаз дийр ду ас, суннат-ламазашкахь сов вер ву со, сайн жайнашка хьожур ву со, пайде дерг дагахь Iамор ду ас, пайде жайна деша гIуртур ву со.

Йеккъа таханенца вехар ву со, сайн дагчохь дика хIума дугIур ду ас, цу чуьра вочуна дитт схьадоккхур ду ас шен ирачу кIохцалгашца: куралlех, вазвалархь, гайтамах, хьагIнех, оьгIазлонах, гамонах, вон ойла хилитарх цIандийр ду ас иза.

Деккъа таханлерчу денна вехар ву со, цундела ас цхьа пайде долу хIума дийр ду нахана, сайгара цхьа хаза хIума кхачор ду адамана, цомгаш верг волчу гIур ву со, велларг дIаволла гIур ву со, хьере хилларг хьехарца нисвийр ву ас, мацалло хьийзочунна кхача лур бу ас, балехь волчунна гIо дийр ду ас, зулам хиллачунна улле хIуттур ву со, гIийлачун гIуллакхе хьожур ву со, сингаттам беанчун догоьцур ду ас, Iеламстеган лерам бийр бу ас, жимачуьнца къинхетаме хир ву со, воккхачун лерам бийр бу ас.

Таханлерчу хIокху цхьана денна вехар ву со! ХIай хила а хилла дIадаьлла дерг, чубуьзна хьайн малх санна, къайладала сан ойланера, со хьуна воьлхур вац хьуна, хьо дагаоьхуш сецаш а со хьуна гур вац хьуна, хIунда аьлча, хьо тхо дIа а тесна дIадахна, хьо цкъа а кхин йухадогIур доцуш дIадаьлла. ХIай хиндерг, хьо къайлах долчу Iаламехь ду, ткъа со гIенашна тIетийжар вац, сайн са ас хетара-моьттаршна дукхур дац, тахана гучудала йиш йоцург ас сих а дийр дац, хIунда аьлча, кхана бохург – хIумма а дац, хIунда аьлча, иза хIинца а кхоьллина дац, хIунда аьлча, иза хIинцца а долуш хIума дац».

*Шейх Iаид ал-Къарнийа*

## ХАТТАРШ А, ШАРИIАТЕХЬ ЖОЬПАШ А

**Ша дуьненчу йаьлча, шен нана больницера дIа а йахана, кхин ша тергал ца йеш, шен дола ца деш лелла. ХIинца ша йоккха хилча, шена йеза бохуш, тIегIерташ йу шен нана, шена и ца йеза, цунах шена къа хир дуй бохуш, хоьтту.**

Дала боху Къуръанчохь: «Цхьанна а мохь ойуш волчо ойур бац кхечун къинойн мохь Маьхьшара-майданахь, хIора да шен къинойн мохь эцна гIур ву цига». И бохург хIун ду: ша динчух бен жоп лур дац цхьаммо а бохург ду-кх, ша динчух жоп доьхур ду цуьнга. Дас-нанас доьзал тесна битахь, доьзалан хьакъ цара эшийнехь, дега-нене бехк боккхур бу цунах. Кхана догIур долу и Къематде хала хир ду, оцу меттехь и да-нана оцу доьзалан хьокъехь бехке хир ду, жоьжахате дахийта деза уьш аьлча, берийн мохь бер бу. Оцу доьзалхошна царах къахетар бахьана долуш, Дала оцу дена-нанна гечдан герга ду эццахь, Дела къинхетаме ву. Дегара-ненера царна мел цатам баьллехь а, царах терра лела доьзалхочунна бакъо ца йелла Дала.

«Шена шукур делаш, (Ша шу бусалбанаш кхоьллина, Ша шу рицкъан кхаба а кхобуш, шуна могашалла латтош, хьажо бIаьрг а белла, ладогIа лерг а делла, кховдо меже а йелла, Ша массо а ниIматашца шу кхобуш хилча, Шена шукур делаш) шайн дена-нанна шукур делаш, аьлла Дала. Шена шукур дарх, ламаз дарх, марханаш кхабарх, вай дика хIуманаш дарх, и да-нана вай реза деш ца хилча, царна вай шукр деш ца хилча, церан пусар деш, церан сий деш ца хилча, хам а беш ца хилча, вай доьрзу меттиг гIийла хир йу, доьрзу меттиг тиша хир йу, Дела оьгIазваханчу нехан меттиг хир ю вайна. Цундела деца-ненаца болу некъ, уьш мухха хиллехь а, ша кхетамчохь волчу доьзалхочо ша лаха безакх цаьрца барт болу некъ. Тесна бита мегар дац.

Стагана тиллина йолу цIе бусалба йац, масала, Руслан, Артур, кхийерш. И цIе хийца йеза олуш хезна сунна. И хийца йезий? Нагахь санна и хуьйцуш хилча, муха хийца йеза?

Бусалба нехан декхар ду доьзалхо дуьненчу ваьлча, ворхIалгIачу дийнахь цIе а туьллуш, хьакъикъат а деш, корта бошуш, лере аьтту агIор моллалл а кхойкхуш, аьрру агIор къамат деш, и белхаш бар. Берана цIе туьллучу массо а заманахь йаккха хаза йолу цIе тилла декхар ду ден-ненан. Оцу цIарца декъал хир бу аьлла меттиг а йу. Бусалба динехь сийсаза, дина дуьхьал хилла болчу нехан цIе тиллар магор дац. Динна дуьхьал бацахь, кхечу къоман цIе йара аьлла, цIе хийца оьшуш дац. ХIунда аьлча, къанваллалц йаккхина йолу цIе, массарна йуккъехь дIайахана йолу цIе хийца гIоьртича, нехан белар хуьлу цунах, кхин хIумма а ца хуьлу. Нагахь санна динехь эшам болуш и цIе йелахь, иза хийцича хаза ду, хийца декхар ду. Масала, Абу-ЖахIил аьлла цIе тили цхьаммо, ша хIун до ца хууш. Нагахь и санна галбевлла болчу нехан цIераш йелахь, уьш хуьйцур йу. Делан къинхетамца и санна цIераш дукха йац вайн. Делахь а, телевизор чохь а, газетехь а, радио а чохь цхьацца цIераш хеза, цхьаъ ду моьттуш, уьш техкина наха. Оцу цIерашца, Дала мукъ лахь, бехке а хир бац уьш, тIедогIучуьнах ларбелчахьана. Шайн берашна цIе туьллучу хенахь, царна йезар йоцу цIе ца туьллуш, мегаш йерг харжа а хаьржина, и цIе тиллар – иштта ду ден-ненан декхар. И туьллуш мовлад дешийта а, кхидерг дис а бохург дац сан иза, цуьнан цхьана агIор а бехкамаш бац. Цомгаш болчеран цIе хийцича, цамгар дIайер йу бохуш, жайни чохь хьахийна хIуманаш ду. Делахь а динехь бух болуш а, Къуръанца а, хьадисашца доьзна дац уьш. Цундела суна сайн жоьпехь оцу шиннах букъ товжийнарг бен дийца ца лаьа.

**Йисина Iаш йолу зуда маре йахча а, ца йахча а цуьнан башхо йолуш хIумма а дуй? Дуьйцуш хуьлу, зуда маре йахча, эхартахь волчу цIийндена халахета, иза гIайгIанехь хуьлу бохуш. Ткъа и нагахь маре йоьдуш йелахь, оцу зудчунан доьзал белахь, уьш шеца дIабига беза цо, йа цIахь болчарна битина йаха йеза иза?**

Хала хаттар ду иза. Бакъду, оцу вайн догIмийн шайн-шайн лехамаш бу. Оцу догIмийн лехам кагбина Iен собар хила деза, хала а ду иза. Цундела Дала бакъо йина цIийнда веллачул тIаьхьа, доьзалхочух йоцуш, цIийнда веллехь, биъ бутт итт де даьллачул тIаьхьа цIера йаьлла маре йаха, доьзал белахь а, бацахь а. Оцу доьзалан хьакъ велла волчун верасашна тIехь ду, нанна тIехь дац. Церан декхар ду и доьзал кхаба. Маре йахана йолчу зудчуьнга ша маре йахана йолчу метте уьш дIа а бигий кхаба бохург шариIато тIедиллина дац. ХIунда аьлча, цIийнден хьашташ шен хир ду, доьзалан хьашташ кхин хир ду, доьзална эшам хир бу. Цундела оцу берийн хьашташка хьажар верасашкахь долуш хила деза. Амма и доьзал а, нана а вовшех хьего мегар дац, царна вовшех марзо эца некъ бехка мегар дац. Вовшашна ган а гойтуш, уьш вовшашка хьовсуьйтуш хилийта декхарийлахь бу верасаш.

Зуда маре йахча, велла волчу цIийндена халахетий, цунна эшам хуьлий бохург шариIато сацийна дац. И цахилар билгало йу, велла волу стаг, сагIане сатосуш, шен верасаша пIерасканан буьйсанна сагIийна хIума йелча, и йаларх эхартан охIланге, кхечарна гергахь цунах дозалла деш дIадоьду и са. Нагахь санна шеен верасаша шена тIера сагIийна хIума ца луш и буьйса дIайаханехь, халонца йухадоьрзу, «ма сох санна дуьсур ду хьох и дуьне, сан ирсана тIера бухадисина долчу даьхнех сагIийна хIума ца луш ву-кх хьо» аьлла, дегабаамца йухадирзина долу и са, шех йисина йолу зудчун наьIар тIе гIур ду аьлла ду. «Ша веллачул тIаьхьа дола йаьлла ца хиллехь, хIокхуьнца ирсе Iаш хир ма вацара иза, оцу стага мукъане а лур йацара те шена тIера сагIийна хIума» бохуш, сатуьйсуш хир ду аьлла оцу сино. Оцо гойту вайна, эхартахь долчу синошкахь, тахана вайн дуьненчохь болу Iотта-баккхамаш цахилар, оцу агIор йац церан ойланаш, эхартан охIлане хьагIнаш йац. Цхьана заманахь веллачуьнца хилла рицкъа оцу зудчун, хIинца кхечуьнца хила тарло. Цуьнца бехкамаш бац. Дала ийманехь дахар лойла вайна.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас*

## ЦЕРЕМОНИЯ НАГРАЖДЕНИЯ

Церемония награждения отличившихся руководителей ведомств, министерств, а также общественных деятелей состоялась в ходе торжественного собрания, посвященного Дню Чеченской Республики – Дню гражданского согласия и единения, а также 100-летию чеченской государственности, которое прошло во Дворце торжеств имени Дагуна Омаева.

«С удовольствием наградил юбилейной медалью «100 лет образования Чеченской Республики» дорогого БРАТА, Муфтия ЧР Салахьа-Хаджи Межиева», – прокомментировал событие Глава ЧР Рамзан Кадыров на своём телеграм-канале.

Также этой же наградой в связи с личным столетним юбилеем и по случаю 100-летия со дня образования Чеченской Республики отмечен и житель ЧР Кюри Чубиев, которому была вручена денежная премия и автомобиль от РОФ имени Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова.

Стоит отметить, что Указом Президента РФ заместителю Председателя Правительства ЧР – министру автомобильных дорог ЧР Абубакару Тумхаджиеву вручили Орден мужества. Почетные грамоты от Главы государства получили первый заместитель Председателя Правительства ЧР Иса Тумхаджиев, заместитель Председателя Правительства ЧР – министр сельского хозяйства ЧР Ибрагим Закриев и мэр Грозного Хас-Магомед Кадыров. Заместитель руководителя Администрации Главы и Правительства ЧР Салман Гадуев отмечен Благодарственным письмом Президента России.

## НОВЫЕ ВНЕДРЕНИЯ НА ТЕРРИТОРИИ СВЯТЫХ МЕСТ

Саудовская Аравия все масштабнее внедряет искусственный интеллект на территории святых мест Мекки. В Заповедной мечети Мекки появились новые роботы, которые зачитывают Коран по запросу пользователя, а также предоставляют информацию об имамах, муэдзинах, графиках их работы, а также о проповедях, проводимых в мечети.

«Это часть крупномасштабной стратегии по внедрению «умных» роботов в двух священных мечетях и по реализации проекта «Смарт-Харам»», – пояснил глава управления по делам двух священных мечетей шейх Абдуррахман ас-Судайс. За последние месяцы в Заповедной мечети появились не только роботы по обеззараживанию и уборке территории, но и по выдаче фетв – с помощью роботов верующие связываются с исламскими учеными и задают интересующие вопросы.

## В ЧР ОЖИДАЕТСЯ ПОСТУПЛЕНИЕ НАЗАЛЬНОЙ ВАКЦИНЫ

В Чеченской Республике ожидается поступление назальной вакцины от коронавируса. Об этом стало известно в ходе расширенного совещания в Правительстве ЧР, которое прошло под руководством Главы ЧР Рамзана Кадырова.

На встрече обсудили вопросы, касающиеся оказания помощи социально уязвимым категориям жителей, деятельности Регионального общественного фонда имени Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова, проведения ревакцинации и эпидемиологической обстановки.

«Касаемо вопросов ревакцинации от коронавируса, то она проводится хорошими темпами. Ожидается поступление назальной вакцины. Эпидемиологическая ситуация в Чеченской Республике под полным контролем. Мы готовы к любому развитию сценария. Для этого имеются все силы и средства», – отметил Кадыров.

## ДИКА А, ВОН А УЗУШ ДУ ТЕРЗА

ХIай, суна каш даккха гIиртинарш доггах,
Со-м хIинца а ца велла, вехаш ву хIоккхехь,
Бел аьрта хили шун йа латта чIогIа,
Ца хили шуьгахь сан Iожаллин догIа?

МостагIчо лаг лаьцча, когех кайиттинарш,
Дуьненан бахамех нохчалла йоьхкинарш,
Мел даха гIерта шу, мила ву вехаш?-
Берзалойн, чагIалкхийн
шайн-шайн ду некъаш.

Орамехь нохчи вац нохчалла йоьхкинарг,
Делера совгIат ду нохчаша лардинарг,
Нохчалла тайниг йац-эхь-ийман ду!
Цунах шу кхетар дац-са меца ду.

Нохчашна нохчалло луш бу синкхача.
Гай бахьнехь кийча дерш ден мере кхача.
Аш дегIан лаам бу баькkхинарг хьалха,
Цундела ду-кха шун са меца, цхьалха.

ХIай, суна каш даккха гIиртинарш доггах,
Со-м хIинца а ца велла, вехаш ву хIоккхехь,
Нахана каш даккха ма сихло, кIиллой,
Цига-м вай дуьгур ду са Шегахь долчо.

Ойла йе:хIун эцна доьлху вай цига?
ХIун белхаш бина вай дуьнен чохь дика?
Бакъоне, нийсоне, серлоне дерза?
Диканиг, вуониг а узуш ду терза.

*(Редакцин архивера)*

## ТОП ОБЪЕКТОВ ДОРОЖНОГО НАЦПРОЕКТА ГОРОДА ГРОЗНОГО

В текущем году в рамках реализации национального проекта «Безопасные качественные дороги» ремонтные работы проводятся на 47 улицах Грозного.

Представляем Топ-3 «самых…» улиц столицы республики, ремонтируемых в этом году в рамках дорожного нацпроекта.

Самый протяженный объект – улица Пугачева. Это большой объект, протяженность которого составляет 3 120 м. Для комфортного и безопасного движения автомобилистов и пешеходов, помимо устройства нового покрытия, здесь установят 179 дорожных знаков и нанесут 9 750 пог. м. дорожной разметки. Кроме того, улица Пугачева будет оборудована 11 искусственными дорожными неровностями и тротуарами.

Самый значимый объект – улица Кронштадтская. Это один из наиболее загруженных участков улично-дорожной сети города протяженностью 3 км. Здесь расположены средняя школа №29 и местная мечеть, также по данной улице проходит маршрут общественного транспорта № 18. Кроме того, улица Кронштадтская связывает два района столицы – Шейх-Мансуровский и Байсангуровский.



На сегодняшний день на данной улице выполнены работы по устройству асфальтобетонного покрытия. В ближайшее время здесь появятся 99 дорожных знаков, 9000 пог.м разметки и 700 пог. м тротуара. Для обеспечения безопасности передвижения горожан будут устроены четыре пешеходных перехода и четыре стоянки.

Самый короткий объект –улица Ладожская. Ее протяжённость всего 250 м. Помимо устройства нового асфальтобетонного покрытия, на данной улице установят 10 знаков и нанесут 1 725 пог. м. дорожной разметки.

Благодаря нацпроекту городские дороги становятся комфортнее и безопаснее. И ремонт каждой из них для горожан становится большим событием.

**Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!**
**Тридцать один лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых эвлия, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 21.09.2022 г. 15:00. Подписано в печать: 21.09.2022 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161. Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!